

**PANGAJARAN NYIMPULKEUN EUSI WARTA ANU DIBACA KU
NGAGUNAKEUN PADIKA COOPERATIVE SCRIPT KA MURID KELAS
VIII SMP NASIONAL BANDUNG TAUN AJARAN 2016/2017**

RINGKESAN

Judul tina panalungtikan ieu nyaéta “Pangajaran Nyimpulkeun Eusi Tina Warta Anu Dibaca Ku Ngagunakeun Padika Cooperative Script Ka Murid Kelas VIII SMP Nasional Bandung Taun Ajaran 2016/2017”. Pasualan anu pangarang ajukeun nyaéta; 1) dupi pangarang mampuh ngarencanakeun, milampah, sarta meunteun kgiatan pangajaran nyimpulkeun eusi tina warta anu dibaca ku ngagunakeun padika cooperative script ka murid kelas VIII SMP Nasional Bandung? 2) dupi murid kelas VIII SMP Nasional Bandung mampuh ngalaksanakeun pangajaran nyimpulkeun eusi tina warta anu dibaca ku ngagunakeun padika cooperative script? 3) dupi padika cooperative script éfektif dipaké dina pangajaran nyimpulkeun eusi tina warta anu dibaca ka murid kelas VIII SMP Nasional Bandung? Sedengkeun pikeun hasil panalungtikanna nyaéta minangka katut; 1) pangarang mampuh milampah pangajaran nyimpulkeun eusi tina warta anu dibaca ku ngagunakeun padika cooperative script. Perkawis ieu kabuktian dumasar tina rata-rata peunteun persiapan sarta palaksanaan pangajaran sagede 3,7. 2) murid kelas VIII SMP Nasional Bandung mampuh ngalaksanakeun pangajaran nyimpulkeun eusi tina warta anu dibaca ku ngagunakeun padika cooperative script. Perkawis ieu kabuktian dumasar tina peunteun rata-rata hasil prétés sagede 42,87 sarta peunteun rata-rata hasil postés sagede 70,87. Janten, aya kanaékan sagede 28. 3) Padika cooperative script éfektif dipaké dina pangajaran nyimpulkeun eusi tina warta anu dibaca ka murid kelas VIII SMP Nasional Bandung. Perkawis ieu kabuktian dumasar kenging uji statistik $t_{hitung} > t_{tabel}$, nyaéta $8,16 > 2,042$ dina tingkat kapercayaan 95% kalawan tingkat signifikan 5% sarta darajat kabébasan 31. Dumasar tina data panalungtikan, panagarang nyimpulkeun yén pangajaran nyimpulkeun eusi tina warta anu dibaca ku ngagunakeun padika cooperative script ka murid kelas VIII SMP Nasional Bandung geus dipigawé kalawan saé sarta junun.

Kecap konci: pembelajaran nyimpulken, eusi warta, cooperative script